



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN NOUVO BIS KI GEN WIFI AK KONEKSYON CHAJÈ USB YO NAN BRONX**

***Gouvènè a te Devwale Nouvo Konsepsyon pou Sèvis Bis Seleksyone (Select Bus Service, SBS), yo pral Devwale Bis ki Gen Wi-Fi ak Koneksyon Chajè USB yo nan Queens ak Bronx***

***Adisyon sa yo fè Pati Amenajman Enpòtan Flot Bis MTA (Metropolitan Transportation Authority) a yo pou yo Amelyore Eksperyans Kliyan yo***

***Foto Nouvo Bis MTA yo Disponib [Isit la](#); Foto Nouvo Bis SBS la yo Disponib [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 83 premye nouvo bis ki gen sèvis Wi-Fi ak koneksyon chajè USB yo rive nan Bronx. Gouvènè a te devwale tou yon nouvo konsepsyon pou Sèvis Bis Seleksyone nan bis MTA a yo, ki pral gen konektivite Wi-Fi ak chajè USB yo. Premye nan 43 nouvo bis SBS ototal yo te rive nan Queens ak nan Bronx.

Nouvo arive sa a yo fè pati [inisyativ](#) Gouvènè a pou l revitalize fonksyonman bis MTA a yo, avèk plis pase 2,042 nouvo bis depwent k ap rejwenn flot transpò a pandan yon peryòd senk an. Nouvo bis yo pral ranplase prèske 40 pousan nan flot aktyèl MTA a epi yo reprezante yon investisman \$1.3 milya nan resous Pwogram Kapital yo (Capital Program). 75 premye bis yo ki te gen nan plan yo te kòmanse fonksyone nan Queens pandan ane 2016 la.

“Depi nan ouvèti Second Avenue Subway an, pou pote Wi-Fi ak sèvis selilè nan estasyon subway soutèren yo, nou ap reyimajine eksperyans transpò komen pou zòn metwopolitèn lan,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Nouvo bis depwent sa yo pral pi byen konekte pasaje ki toujou sou vwayaj yo, y ap kreye yon sistèm transpò komen ki pi solid pou mennen New York vè lavni.”

“Nou ap fè anpil efò pou nou satisfè manda Gouvènè a te bay pou nou revitalize tout flot bis la nèt, epi nou ap pote sèvis amelyore bay plis pase 2 milyon moun ki depann de bis Vil New York yo,” **Ronnie Hakim, ki se Direktè Jeneral Pwovizwa MTA a te di.** “Nou kontan anpil pou nou devwale sèvis ak nouvo vizaj bis SBS yo, epi nou trè kontan pou nou lanse bis sa yo nan Bronx, sa ki pral ofri kilyan yo opòtinite pou yo rete konekte

pandan trajè yo.”

MTA a nan pwosesis pou yo amenaje bis ki la deja yo lè yo vin mete Wi-Fi ak koneksyon chajè USB ladan yo. Anvan fen ane 2017 la, tout bis eksprès yo pral reyamenaje pou yo mete Wi-Fi ak koneksyon chajè USB ladan yo.

### **Bis MTA yo nan Bronx**

Aprè livrezon inisyale 4 bis yo, inite yo pral rive nan yon to apeprè twa a senk bis chak semèn. Toule 83 bis yo pral rantre an sèvis avan 25 Desanm 2017 epi yo pral baze nan MTA's West Farms Depot ak nan Kingsbridge Depot ki nan Bronx, yo ap fè pakou Bx 6,8,11,17,21,27,31,32,33,35,36,46 ak Bx 1,2,9,15, respektivman.

### **Bis Atikile SBS nan Queens ak Bronx yo**

Aprè livrezon inisyale 4 Bis Atikile SBS yo ki gen 'nouvo vizaj yo' nan Queens, bis yo pral rive nan yon to twa a kat bis chak semèn, avèk 22 Bis Atikile SBS yo k ap rive an avril. Pral gen 21 bis adisyonèl k ap vini an jiyè nan yon to twa bis chak semèn pou konplete livrezon yo an out sa k ap vin fè 43 bis ototal. Bis yo pral baze nan Casey Stengel Depot, epi yo ap swiv trajè Q44 la ki fonksyone nan Queens ak Bronx.

Sèvis Biz Seleksyone a se yon nouvo non mak nan Transpò Komen Rapid Bis New York la, ki se yon konsèp ki akselere sèvis atravè aplikasyon fonksyonalite ki pèmèt sèvis la imite sèvis tren an yo. Kliyan yo apresye tikè ki itilize teknoloji pratik ki andeyò kabin yo ki pèmèt yo peye tikè yo alavans epi rantre ak soti nan nenpòt pòt nan bis yo, k ap elimine bezwen pou kliyan yo rete tann pou yo peye nan yon sèl bwat resèt frè epi k ap redwi valè tan bis yo pase nan chak arè.

Wi-Fi yo ajoute a founi you nouvo dimansyon konektivite pou Nouyòkè yo, k ap pote ezans ak pratikalite bay sila yo k ap travay yo, k ap li imèl yo, oswa k ap tcheke kont rezo sosyal yo san pa gen enpak sou plan done sou telefòn selilè yo. Kantite koneksyon chajè USB ki nan bis yo ap varye soti nan 35-55, depandaman de mak ak modèl la, epi yo pral sitiye nan yon fason pratik toupatou nan bis yo.

Avèk prèske 8.7 milyon vwayajè chak jou, amenajman sa yo fè pati plan solid pou nou transfòme MTA a konplètman pou l vin yon sistèm inovatif, depwent pou amelyore sèvis alakliyantèl li a ak fonksyonalite premye klas li yo.

Adisyon nouvo bis la yo se youn nan eleman plan global Gouvènè Cuomo genyen pou l modènize MTA a. Lòt eleman nan pwogram amelyorasyon an ki pi jeneral ki konsantre sou bis yo gen ladan yo:

- **Ekran Dijital ki Afiche Enfòmasyon an yo:** MTA nan pwosesis pou konplete yon pwogram pilòt reyisi pou evalye ekran dijital ki afiche enfòmasyon an yo nan 200 bis. Avèk finisman pilòt la nan mwa sa a, MTA pral kòmanse pwosesis deplwaman ekran yo nan 3,600 bis avan 2020. Ekran dijital la yo pral ofri enfòmasyon odyovizyèl konsènan wout la yo, epi y afiche enfòmasyon sou pwochen arè estasyon yo, enfòmasyon sou sèvis ransèyman ak enfòmasyon sou

vwayaj, ki gen ladan tou kote ak lè gen transfè yo. Yo pral gen kapasite pou yo afiche piblisite ki pou chak zòn egzat kote yo ye a, ki pral pèmèt ouvèti plis opòtinite pou yon nouvo mwayen pou gen revni apati afich piblisite yo.

- **Sistèm Avètisman pou Pyeton yo & Teknoloji pou Evite Kolizyon an:** MTA a ap mennen yon pwogram pilòt tou pou nouvo teknoloji ki gen pou objektif pou amelyore sekirite kliyan ak pasaje yo, ki gen ladan yon sistèm avètisman pou pyeton yo ki pral enstale nan 288 bis, epi yon sistèm teknoloji ki pou ede evite kolizyon yo pral enstale nan 145 bis. Aprè tès sa yo fin fèt avèk siksès, yo pral enstale teknoloji sa yo sou 1,600 bis apati mitan ane 2018 la.
- **LaGuardia Link:** Yo pral relanse bis Q70 ki bay sèvis limite ki rele “LaGuardia Link” avèk yon dizay inik pou ede kliyan ak touris yo jwenn kote yo prale pi rapid ant Ayewopò LaGuardia ak de lòt estasyon piblik rejyonal ki nan Queens ki konekte ak senk liy metwo, Chemen Tren Long Island lan (Long Island Rail Road) ak sèt liy bis. Wout ki gen sounon “LaGuardia Link” lan pral vin disponib pou Sèvis Bis Seleksyone tikè ki itilize teknoloji pratik ki andeyò kabin lan, ki ap pèmèt kliyan yo peye tikè yo alavans epi antre ak soti nan nenpòt pòt bis la yo, sa pral elimine tan moun konn ap rete tann pou peye pou yon sèl bwat resèt frè, epi diminye tan darè bis la yo fè nan chak estasyon arè yo. [LaGuardia Link](#) pral kontinye ofri vwayajè yo bon jan etajè pratik pou yo mete valiz oswa malèt yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418